

Kesyon ak Repons

1) Èske anplwayè ki pa nan eta a oblije respekte lwa a?

Anplwayè ki gen 25 oswa plis anplwaye ki gen prensipal kote travay yo nan Massachusetts pandan ane kalandriye anvan an dwe respekte egzijans transparans salè ki nan Chapitr 149 Seksyon 105F. Anplwayè ki gen 100 oswa plis anplwaye ki gen prensipal kote travay yo nan Massachusetts dwe tou respekte egzijans rapò ki nan Chapitr 149 Seksyon 105E.

Definisyon ‘prensipal kote travay’ la menm jan ak jan li defini nan Kesyon ak Repons sou Tan Maladi Biwo Pwokirè Jeneral la ansanm ak règleman yo, 940 CMR 33.00.”

2) Kijan Lwa a define “anplwaye” pou detèmine kantite anplwaye yon anplwayè genyen?

‘Anplwaye’ vle di nenpòt moun ki fè sèvis pou yon anplwayè an echanj pou salè, rekonpans, oswa lòt fòm peman. Tout moun sa yo se anplwaye epi yo dwe enkli nan kantite anplwaye anplwayè a. Sa gen ladan tout anplwaye a tan konplè, a tan pa.

Definisyon Lwa a bay pou ‘anplwaye’ pa enkli moun ki gen mwens pase dizwit (18) lane ki angaje nan travay domestik nan kay anplwayè a, ni moun ki angaje nan travay agrikòl, ni anplwaye nenpòt asosyasyon sosyal, fraternel, charitab, edikatif, relijye, syantifik oswa literè kote okenn pati nan pwofi nèt yo pa al benefisye okenn endividi prive. *Gade* Lwa Jeneral yo, Ch. 149, seksyon

3) Èske anplwaye adistans ki pa nan eta a konte nan kantite anplwaye yon anplwayè genyen?

Sèlman anplwaye adistans ki pa nan eta a men ki gen prensipal kote travay yo nan Massachusetts konte nan kantite anplwaye yon anplwayè genyen nan Massachusetts.

4) Kijan ak kilè yo pral kalkile kantite anplwaye yon anplwayè genyen nan Massachusetts?

Anplwayè yo ta dwe kalkile kantite anplwaye yo yon fwa pa ane, kòm yon mwayèn ki baze sou tout peryòd peyan ane a. Yo dwe ajoute kantite anplwaye yo—ki gen ladan anplwaye a plen tan, a tan pasyèl, sezonye, ak tanporè—ki sou lis peyan pandan chak peryòd peyan, epi divize pa kantite peryòd peyan yo. Si gen yon peryòd peyan kote pa gen okenn moun sou lis peyan an, kantite anplwaye yo pou peryòd sa a se zewo.

5) Èske egzijans pou pibliye varyasyon salè a sèlman aplike pou travay ki nan Massachusetts? E kijan pou travay yo ki kapab fèt nenpòt kote, enkli Massachusetts?

Seksyon 105F defini ‘varyasyon salè’ kòm varyasyon salè anyèl oswa varyasyon salè pou chak èdtan ke Anplwayè ki Kouvri a ka espere peye nan bon fwa pou pozisyon an nan moman an. Si salè a baze sou yon to pa pyès oswa komisyon, varyasyon to pa pyès oswa komisyon an ke anplwayè a ka espere peye nan bon fwa dwe enkli nan anons travay la.

6) Kijan lwa a defini ‘aplikan’? Èske moun nan dwe kapab demontre yon nivo

rezonab kalifikasyon pou pozisyon an?

Tout moun ki ap aplike pou yon pozisyon travay patikilye oswa espesifik konsidere kòm aplikan. Lwa a pa limite definisyon ‘aplikan’ an selon nivo kalifikasyon yon moun genyen pou pozisyon an.

7) Èske anplwayè ki pa oblije soumèt rapò EEO bay EEOC kounye a dwe prepare epi soumèt rapò sa yo bay Leta?

Sèlman anplwayè EEOC egzije pou depoze rapò EEO yo ki oblije soumèt rapò sa yo bay Leta.

8) Èske gen yon egzijans pou pataje varyasyon salè ak yon moun ki deja nan pozisyon an, oswa sèlman lè gen yon pozisyon ki vin vid?

Lwa a egzije pou yon Anplwayè ki Kouvri, oswa ajan li, bay varyasyon salè pou yon pozisyon travay patikilye ak espesifik a nenpòt anplwaye ki okipe pozisyon sa a lè anplwaye a mande li, menm si pa gen okenn pozisyon vid.

9) Èske anplwayè ki pa oblije soumèt rapò EEO bay EEOC kounye a sijè a egzijans rapò ki nan 105E?

Sèlman anplwayè ki oblije soumèt rapò ki annapre yo bay EEOC yo pral oblije soumèt rapò sa yo bay Sekretè Leta tou, selon orè ki dekri pi ba a:

Anplwayè ki soumèt:	Obligasyon pou depoze Rapò EEO a ak Sekretè a a:	Avan:	Apati ane:
EEO-1	Chak ane	1er Fevriye	2025
EEO-3	Ane ki gen nimewo ki enpè	1er Fevriye	2025
EEO-4	Ane ki gen nimewo ki pè	1er Fevriye	2026
EEO-5	Ane ki gen nimewo ki enpè	1er Fevriye	2025

10) Kijan anplwayè yo soumèt rapò EEO yo bay Sekretè Leta?

Anplwayè yo ka soumèt rapò EEO yo lè yo oblije fè sa, atravè lyen sa a:
<https://www.sec.state.ma.us/divisions/corporations/eo-data-reports.htm>.

11) Èske gen paramèt ki defini sa ki konstitye yon ‘varyasyon salè’?

Lè yon anplwayè presize salè anyèl oswa salè pou chak èdtan ki minimòm ak maksimòm pou yon pozisyon, varyasyon an ka kouvri soti nan pi ba rive nan pi wo salè anplwayè a, nan bon fwa ak nan limit sa li panse rezonab nan moman piblisite a.

12) Kisa ki dwe fèt si yon anplwaye oswa yon moun k ap chèche travay kwè yo vyole dwa li yo?

Nou ankouraje ou depoze yon plent ak Divizyon Travay Ekitab nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon a <https://www.mass.gov/how-to/file-a-workplace-complaint>.